

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #2



Pale ak pitit ou a nan lang matènèl ou (yo) epi pataje kilti ou yo ak eksperyans ou yo ak li ap ede li ranfòse aprantisaj anglè li. Sèvi ak jwèt ak aktivite amizan sa yo nan nenpòt lang pou favorize devlopman langaj yo an jeneral.



Amize w avèk Son yo

Mo konpoze yo fòme ak de mo ki pi piti. Panse ak mo ou konnen yo mete ansanm pou fè yon mo konpoze.

1. Mo konpoze yo fòme ak de mo ki pi piti. Panse ak mo ou konnen yo mete ansanm pou fè yon mo konpoze.

Papiyon

Ma drapo

Akansyèl

Plake

Sosis

Zetwal lanmè

Zanno

Milchek

Tounsòl

Koukouy

Pak kochon

Fil aktyalite

2. Pwononse mo yo pou pitit ou a.
3. Mande pitit ou a pou li separe mo a an de mo ki pi piti.
4. Diskite de siyifikasyon chak mo ki pi piti ki soti nan mo konpoze ki pi gwo a.



Egzanp:

spiderweb = *spider* + *web* (twal zareyen)



Diskisyon sou Kat

1. Kreye yon seri kat ak pwopozisyon ki anba yo.
2. Mete kat yo fas anba nan yon pil.
3. Premye jwè a ta dwe chwazi yon kat nan pil la, li pwopozisyon an, epi chwazi yon lòt jwè pou reponn.
4. Pousuiv jwèt la jiskaske tout kat yo fin pase.

Pwopozisyon:

- Dekri kisa ou fè nan lekòl la.
- Ki jan ou panse _____ pral ye?
- Ou renmen _____?
- Si w te ka _____ oswa _____, kisa ou t ap chwazi?
- Pwopoz de bagay nou ka fè wikenn sa a.
- Dekri kijan pou nou ale _____.

Pwochèn fwa, fè yon nouvo seri kat ak pwopozisyon ki diferan!



Bouje

Ale deyò ak pitit ou a. Pale de bagay ou wè yo. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Kote _____ ou ye?
- Ki jan li fè rive la?
- Kisa sa yo ye?
- Pou ki moun _____ sa yo ye?
- Konbyen _____ ki genyen?

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #2



Jwe Komedi

1. Chwazi yon aktivite nan lis la:

Desine
Patisri
Aprantisaj

Fè espò
Manje fwi
Fè mizik

2. Fè yon jwè jwe wòl la.
3. Lòt jwè yo ta dwe, lè tou pa yo, devine aktivite a nan itilize fraz konplè.

Egzanp:

Ou renmen jwe bezbòl?

Wi, mwen renmen jwe bezbòl.



Kabin Foto

Fè yon aktivite chak jou ak pitit ou a, tankou fè manje. Pran yon foto nan kòmansman, nan mitan ak nan fen aktivite a.

Après sa, sèvi ak foto yo pou kòmande evènman yo nan aktivite a. Ankouraje pitit ou a itilize mo tankou premye, pwochen, aprè, finalman epi anfen.

Aktivite ki ka fèt chak jou pou eseye:

- Lave machin nan, veso yo oswa rad yo
- Al jete fatra yo
- Prepare pou lekòl
- Prepare pou al dòmi



Atelye Atizay

1. Jwenn papye ak zouti pou kolorye.
2. Lè tou pa w, desine bagay ki **gwo** ak bagay **kipiti**.
3. Aprè chak tou, youn poze lòt kesyon sou sa ki te desine. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:

- Kisa sa ye? Kisa sa yo ye?
- Ki gwo li? Ki gwo sa yo ye?
- Konbyen _____ ki genyen la?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè.

Egzanp:

Sa yo se yon pè soulye.

Yo gwo

Gen de (2) soulye.



Mwen wè

Chwazi yon jwè pou ou kòmanse. Jwè sa a ap chwazi yon bagay an silans, yon bagay tout moun ka wè epi l ap bay endis ki dekri li. Lòt jwè yo ta dwe devine ki sa objè a ye.

Bagay pou dekri:

Koulè **Fòm** **Pozisyon**
Anplasman **Gwosè**

Egzanp:

Mwen wè yon bagay nan lari a.

Mwen wè yon bagay nan kwen lari a.

Mwen wè yon bagay ki gwo.

